

Aplikasyon pou Sèvis Pansyon Alimantè pou Timoun



Byenveni!

Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun New York la travay ak paran ak responsab yo pou ranfòse fanmi yo ak bay timoun yo sipò finansye ak medikal yo bezwen.

Pou kòmanse pwosesis aplikasyon an:

1. Revize **Enfòmasyon Enpòtan sou Sèvis Pansyon Alimantè pou Timoun nan (Important Information about Child Support Services)**, paj 1-4, epi konsève dokiman sa a nan dosye ou yo.
2. Ranpli epi siyen **Pati A – Apikasyon an** (paj A-1 jiska A-4).
Ou dwe siyen aplikasyon an pou resevwa sèvis Pansyon Alimantè pou Timoun.
3. Konplete **Pati B – Enfòmasyon sou Timoun lan** (paj B-1 jiska B-2) pou chak timoun (jiska de (2) timoun) ou genyen ak Lòt Pati yo nonmen nan aplikasyon sa a.
4. Si ou gen plis pase de (2) timoun avek lòt pati yo nonmen nan aplikasyon sa a, jwenn epi ranpli yon fòm separe, **Enfòmasyon Anplis sou Timoun nan (LDSS-5143B)** pou chak timoun anplis oswa fotokopi **paj B-1** nan **Pati B a**.
5. Revize **Pati C – Dokimantasyon Sipò** (paj C-1) epi soumèt kopi tout dokiman ki gen rapò ak aplikasyon w lan.

Enfòmasyon Enpòtan sou Sèvis Pansyon Alimantè pou Timoun

Tanpri, li epi konsève paj 1-4 nan dosye ou.

Definisyon

Timoun – yon moun ki poko gen laj 21 an y ap chèche pansyon alimantè pou li.

Paran Ki Gen Gad (Custodial Parent, CP) – paran ki se moun prensipal k ap okipe timoun nan e ki gen gad li. Nan ka gad egal pataje yo, CP a se paran ki kalifye a pou resevwa Pansyon Alimantè pou Timoun nan.

Responsab (Guardian, G) – yon moun k ap pran swen, ki pa paran e ki gen gad fizik omwen yon timoun ki poko gen 21 nan. Si timoun nan ap viv ak moun ki responsab li a chak jou, responsab la gen gad fizik timoun lan.

Paran Ki Pa Gen Gad (Noncustodial Parent, NCP) – paran ki oblije peye pansyon alimantè pou timoun lan.

Moun yo Di ki Papa (Alleged Father, AF) – moun ki ka papa timoun nan men yo poko legalman deklare se papa a.

Elijibilite

Nan Eta New York, toude paran yo oblije sipòte pitit yo jiskaske timoun nan gen 21 an. Nenpòt **paran oswa moun ki responsab** omwen yon timoun ki poko gen 21 an ka aplike pou sèvis Pansyon Alimantè pou Timoun. Yon **timoun** ki poko gen 21 an oswa **paran ki pa gen gad oswa moun yo di ki papa** ka aplike tou pou sèvis Pansyon Alimantè pou Timoun.

Pwoteksyon Konfidansyalite

Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun nan oblije pwoteje konfidansyalite, entegrite, aksè a, ak itilizasyon enfòmasyon pèsònèl ou yo (ki gen ladan done sou ka yo sovgade nan sistèm òdinatè Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun lan). Nou pataje adrès ou ak lòt enfòmasyon ki ka idantifye w ak lòt ajans Eta ak federal yo sèlman pou rezon ki konsène pansyon alimantè pou timoun oswa lòt jan lalwa otorize. **Yo ka sèlman pataje enfòmasyon yo ak moun ki otorize pou rezon lalwa otorize.**

Itilizasyon Nimewo Sekirite Sosyal: Lwa federal (42 USC § 666) egzije pou yo itilize nimewo Sekirite Sosyal sèlman pou lokalize paran yo, tabli patènite, ak/oswa tabli, modifiye, ak fè respekte yon òdonans pansyon alimantè; administrasyon sèten pwogram avantaj piblik; oswa lòt jan lalwa otorize. Anplis de sa, Administrasyon Sekirite Sosyal la pral verifye nimewo Sekirite Sosyal yo.

Enkyetid sou Sekirite

Tanpri asire w ke ou li epi reponn kesyon Enkyetid sou Sekirite yo nan paj A-1 ki nan Pati A - Aplikasyon an. Si ou tcheke WI pou kesyon an, biwo lokal Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun ou an pral diskite sou enkyetid ou yo avèk ou epi li ka ede w ak ranpli yon Deklarasyon Konfidansyalite Adrès avèk tribinal la. Nou ka ede anpeche adrès ou parèt sou dokiman nou voye bay tribinal la tou. Nou pral entèdi yo bay enfòmasyon sou kote w ye **lè w mande sa**, oswa si nou konnen:

- Ou abite nan yon refij pou vyolans domestik;
- Ou gen yon òdonans pwoteksyon kont Lòt Pati a;
- Ou gen yon referans akòz vyolans domestik oswa yon lòt deklarasyon alekri ki soti nan men yon founisè sèvis piblik oswa prive; oswa
- Yon tribinal detèmine ke kontak ak Lòt Pati a kreye yon risk pou domaj fizik oswa emosyonèl pou ou oswa

Sèvis yo

Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun lan pral ofri sèvis pansyon alimantè pou timoun ki apwopriye pou ka w la dapre lwa, règleman ak politik federal ak Eta New York la yo. Avèk asistans ak koperasyon ou, yo ka ba ou sèvis yo toutotan pèman pansyon alimantè pou timoun yo obligatwa epi egzijib. Nou ofri sèvis sa yo, lè sa apwopriye:

- **Lokalize** paran ki pa gen gad la oswa moun yo di ki papa a, ki gen ladan jwenn enfòmasyon sou adrès, travay, lòt sous revni ak byen, ak asirans swen sante;
- **Etablisman Patènite** (patènite legal) pou yon timoun ki fèt pandan paran yo pa t marye yo atravè pwosesis rekonesans volontè oswa atravè yon pwosesis ki baze nan tribinal;
- **Etablisman** ak/oswa **Modifikasyon** yon òdonans pansyon alimantè, sa gen ladan etablisman kouvèti asirans sante oswa lajan kach pou soutyen medikal, si sa disponib, nan men youn nan paran yo;
- **Koleksyon** ak **Distribisyon** pansyon alimantè pou timoun oswa melanj pansyon alimantè pou timoun ak pou konjwen ke yo peye atravè Inite Koleksyon Pansyon Alimantè a (Support Collection Unit), sa gen ladan depans pou edikasyon, depans pou okipe timoun, ak lajan kach pou soutyen medikal;
- **Fè Respekte Obligasyon Pansyon Alimantè yo** pa mwayen dediksyon nan salè, nan avantaj sosyal, oswa nan lòt revni; sezi ranbousman taks federal ak eta a; sezi byen ak prim lotri; rapò bay biwo kredi yo; sispann lisans chofè Eta New York paran ki pa gen gad timoun lan; ak referans nan Depatman Taksasyon ak Finans (Department of Taxation and Finance) Eta New York pou koleksyon. Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun nan fè respekte avantaj asirans sante yon tribinal te òdone tou;
- Depoze **Demann pou Vyolasyon** yo epi tradwi yo lajistis; ak
- Asistans pou fè yon **òdonans pansyon alimantè ki egziste deja** peyab atravè Inite Koleksyon Pansyon Alimantè a.

Nou ofri tout sèvis ki endike pi wo yo pou paran yo ki rete nan lòt konte, nan lòt eta, ak nan sèten peyi tou.

Dosye pansyon alimantè pou timoun ou an ka fèmen pou rezon tankou, men pa sèlman:

- Pa gen posibilite pou tabli patènite a;
- Yo pa ka jwenn paran ki pa rgen gad la/moun yo di ki papa a apre yo te fè anpil efò oswa li nan prizon e pa gen okenn chans l ap gen libète sou kondisyon, li andikape pou toutan san okenn kapasite pou l peye pansyon alimantè, oswa yo mete li nan yon enstitisyon pou pwoblèm mantal;
- Moun k ap resevwa sèvis yo pa kolabore oswa li pa bay enfòmasyon ki nesèsè pou pase al nan pwochen etap la pou yo ba l sèvis yo;
- Moun k ap resevwa sèvis yo fè yon demann alekri oswa avivwa pou fèmen ka a; oswa
- Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun nan pa kapab kontakte moun k ap resevwa sèvis yo.

Etablisman Patènite

Etablisman patènite se pwosesis pou detèmine kiyès ki papa legal yon timoun. Si paran yo pa marye, moun yo di ki papa a pa gen okenn dwa ni responsablite pa rapò ak timoun nan toutotan yo poko detèmine yon papa legal. Pou moun yo di ki papa a kapab papa legal la, paran yo dwe tabli patènite pou timoun nan. **Lè yo tabli patènite pou timoun nan, paran yo ap garanti timoun nan gen menm dwa ak avantaj avèk timoun ki fèt pandan paran yo marye.** Nan Eta New York, yo ka tabli patènite swa pa mwayen yon fòmilè Rekonesans Patènite volontè yo siyen oswa yo ka depoze yon demann devan tribinal pou fè tribinal la pran desizyon sou patènite a epi pase yon Òdonans pou Lyen Papa-Pitit.

Obligasyon Pansyon Alimantè pou Timoun

Obligasyon debaz pansyon alimantè pou timoun nan genyen ladan yon obligasyon ki baze sou pousantaj salè, yon dispozisyon pou kouvèti asirans sante ak/oswa lajan kach pou soutyen medikal, depans pou okipe timoun, ak depans pou edikasyon timoun nan, si tribinal la deside sa (dapre Lwa sou Tribinal Zafè Fanmi an (Family Court Act) § 413 ak Lwa sou Relasyon nan Fanmi an (Domestic Relations Law) § 240).

Yo aplike liy direktris pou pousantaj salè a pou revni paran yo melanje ansanm rive jiska 148,000 dola. Pou revni ki plis pase 148,000 dola (ki pral ogmante an 2020 epi chak dezan apre sa ak chanjman nan Endèks Pri Konsomatè a pou Tout Konsomatè lben yo (Consumer Price Index for All Urban Consumers, CPI-U) tribinal la ap deside si pou yo sèvi ak liy direktris pou pousantaj salè a ou pa. Tribinal la ka devye nan obligasyon ki baze sou pousantaj salè a dapre faktè yo tabli nan Lwa sou Tribinal Zafè Fanmi an § 413(1)(f) ak Lwa sou Relasyon nan Fanmi an § 240(1-b)(f).

Obligasyon pou Revni Fèb: Si yo detèmine ke revni paran ki pa gen gad timoun lan nan nivo povrete federal ki tabli pou yon sèl moun nan oswa pi ba, montan soutyen an ap 25 dola pa mwa. Lè revni an nan nivo oswa pi ba pase minimòm pou w sipòte tèt ou a (135 pousan nivo povrete federal la), men pi wo pase nivo povrete federal la, montan soutyen an ap 50 dola pa mwa.

Ajisteman nan Depans Sibzistans (Cost of Living Adjustment, COLA): Yon òdonans kalifye pou COLA lè li gen omwen de (2) lane epi sòm chanjman pousantaj anyèl nan CPI-U a egal oswa pi plis pase dis (10) pousan depi lè yo te rann òdonans lan, modifiye li pou dènye fwa, oswa ajiste li pou dènye fwa. Chak dezan y ap egzamine kont ou pou deside si òdonans ou an kalifye pou COLA. Ajisteman COLA yo fèt san w pa bezwen ale nan tribinal. Y ap voye yon avi pou chak pati lè gen yon òdonans ki kalifye pou COLA, epi nenpòt nan pati yo gen dwa mande pou yo fè ajisteman an.

Modifikasyon Òdonans yo: Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun nan kapab ede w depoze yon demann pou modifiye òdonans pansyon alimantè w la, si sa nesèsè. Nenpòt nan pati yo gen dwa chèche fè yon modifikasyon nan òdonans pansyon alimantè a si li montre gen yon chanjman enpòtan nan sityasyon li oswa nan lòt kondisyon Lwa sou Tribinal Zafè Fanmi § 451 (2)(b) preskri yo.

Dwa pou Resevwa Enfòmasyon Sou Pwosedi Jidisyè yo: Ou gen dwa pou yo kenbe w okouran de lè, dat, ak kote tout pwosedi nan tribinal ki konsène w yo ou ap fèt. Y ap ba w yon kopi tout òdonans ki tabli, modifiye, ajiste, oswa fè respekte yon òdonans pansyon alimantè, oswa tout òdonans ki refize demann lan.

Distribisyon Peman yo

Yo distribye peman pansyon alimantè yo dapre règ distribisyon federal ak nan Eta New York la.

- **Si paran ki gen gad la pa te janm resevwa Asistans Tanporè (Temporary Assistance),** l ap resevwa tout pansyon alimantè nou kolekte ke yo dwe li, eksepte pou Frè Anyèl pou Sèvis la ak rekouvremant frè pou sèvis jiridik yo, si genyen.
- **Si paran ki gen gad la te resevwa Asistans Tanporè anvan sa,** pansyon alimantè li resevwa a ap sèvi toudabò pou peye pansyon alimantè ki genyen kounye a epi apre sa pou peye aryere pansyon alimantè/ansyen pansyon alimantè yo te dwe paran ki gen gad la epi finalman pou peye aryere pansyon alimantè/ansyen pansyon alimantè yo dwe distrik sèvis sosyal la. Y ap peye koleksyon nou resevwa nan balans ranbousman taks federal la an premye pou satisfè tout aryere pansyon alimantè/ansyen pansyon alimantè yo dwe distrik sèvis sosyal la epi apre sa y ap peye aryere pansyon alimantè/ansyen pansyon alimantè yo dwe paran ki gen gad la.

Rekouvremant Peman yo te Bay Anplis yo

Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun nan kolekte peman pansyon alimantè onon ou epi voye yo ba ou. Byenke li ra, sa ka rive yo bay yon peman anplis poutèt gen yon peman yo mal voye (nou pa voye lajan an bay moun nou dwe voye l la) oswa poutèt yon peman san pwovizyon (bank moun ki peye a retounen peman an san l pa peye), pami lòt rezon ankò. Si sityasyon sa yo rive:

- Ou responsab pou w remèt fon sa yo.
- N ap kontakte w pou n fè aranjman pou w remèt montan yo peye anplis la, swa sou fòm peman tout sòm lan alafwa oswa, si w mande, n ap kenbe vennsenk (25) pousan koleksyon yo jiskaske ou fin remèt peman yo te ba w anplis la.

Sèvis Jiridik

Aplikasyon yo gen dwa mande sèvis jiridik pou tabli patènite oswa pou tabli, modifiye, oswa fè respekte yon òdonans pansyon alimantè pou timoun. Si w mande sèvis jiridik, Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun nan ap di w konbyen sèvis sa yo koute, sa ki kapab varye selon biwo Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun nan (gade nan seksyon ki vin annapre a).

- Avoka yo mete sou ka w la se reprezantan legal Komisè distrik sèvis sosyal la li ye epi **li pa reprezante w pèsònèlman**.
- Avoka distrik sèvis sosyal la **pa** jere zafè gad, vizit, oswa lòt kesyon ki pa gen pou wè avèk pansyon alimantè.
- Nenpòt enfòmasyon, ekri oswa avivwa, ou bay avoka oswa anplwaye distrik sèvis sosyal la gen dwa pa rete **konfidansyèl**, sa gen ladan enfòmasyon ki montre fwòd asistans sosyal oswa abi sou timoun.

Rekouvremant Frè pou Sèvis Jiridik

Nou ofri aplikasyon yo sèvis jiridik lè yo fin ranpli *Akò sou Dwa Rekouvremant pou Sèvis Jiridik la (Right to Recovery Agreement for Legal Services)* (LDSS-4920).

- N ap rekipere frè sèvis jiridik yo nan pansyon alimantè Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun nan rkolekte nan yon to 25% obligasyon pansyon alimantè ou resevwa kounye a.
- Si w se paran ki pa gen gad la, n ap rekipere frè sèvis jiridik yo nan yo to 25% obligasyon pansyon alimantè oswa peman w oblije fè kounye a, epi n ap ajoute l sou obligasyon pansyon alimantè ou peye a jiskaske kou a fin ranbouse frè a nèt.
- Ou pral fin peye tout aryere pansyon alimantè/ansyen pansyon alimantè ou dwe yo nèt anvan frè sèvis jiridik yo regle.

Frè Anyèl pou Sèvis la

Si paran ki gen gad laap resevwa pansyon alimantè pou timoun epi li pa te janm resevwa asistans nan kad pwogram Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen yo (Temporary Assistance for Needy Families, TANF) nan Eta New York ni nan ankenn lòt eta, epi yo ap peye fanmi an pansyon alimantè pou timoun, n ap fè l peye yon frè anyèl 35 dola pou sèvis si nou kolekte plis pase 550 dola pansyon alimantè pandan ane fiskal federal la (1ye Oktòb – 30 Septanm). Si paran ki gen gad la gen kont pansyon alimantè pou timoun avèk plis pase yon paran ki pa gen gad epi nou kolekte plis pase 550 dola nan men yo, n ap fè l peye yon frè 35 dola pou chak kont.

Sèvis pou Kliyan

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pansyon alimantè pou timoun ak enfòmasyon sou peman ak kont sou entènèt nan childsupport.ny.gov oswa lè w rele **Liy Asistans pou Pansyon Alimantè pou Timoun Eta New York la (New York State Child Support Helpline) nan 888-208-4485 866-875-9975 – Sèvis Relè (Relay Service) <http://www.fcc.gov/encyclopedia/trs-providers>**. Ou dwe gen yon nimewo idantifikasyon pèsònèl (personal identification number, PIN) pou w kreye kont pansyon alimantè pou timoun ou an sou entènèt. W ap resevwa PIN ou an pa lapòs lè yo fin tabli kont pansyon alimantè pou timoun ou an.

Li nan enterè w pou verifye kont ou regilyèman pou asire ke ou resevwa peman w yo alè epi annantye. **Ou dwe kenbe adrès ou ak enfòmasyon pou kontakte w ajou**, pou w fè sa ou kapab rele Liy Asistans pou Pansyon Alimantè pou Timoun nan oswa kontakte biwo Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun lokal ou a. Ou kapab jwenn enfòmasyon pou kontakte biwo Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun lokal ou a, sa gen ladan yon lyen pou imèl, nan <https://www.childsupport.ny.gov/DCSE/LocalOffices>.

Pati A – Aplikasyon

Asistans Espesyal

1a. Ki lang prensipal ou pale?

English Español বাংলা ريبية 中文 Kreyòl Ayisyen 한국어 РУССКИЙ Lòt Bagay

1b. Ki lang prensipal ou ka li?

2. Èske ou bezwen asistans lang? Wi Non

3. Èske ou gen yon andikap ki anpeche w ranpli aplikasyon sa a oswa ki anpeche yo entèvyouwe w? Wi Non

Si WI, tanpri endike ki asistans ou bezwen?

Enkyetid sou Sekirite *(Gade paj 1 nan Enfòmasyon Enpòtan sou Sèvis Pansyon Alimantè pou Timoun nan pou w jwenn plis enfòmasyon)*

Èske ou santi sekirite ou oswa sekirite pitit ou an danje si ou chèche Sèvis Pansyon Alimantè Timoun? Wi Non

Enfòmasyon sou Aplikan an

Mwen se Paran ki gen Gad la Responsab - Relasyon:
(tcheke yon sèl): Paran Ki Pa Gadyen Moun yo Di ki Papa a Timoun

Si ou se paran ki gen gad la, responsab legal la, oswa timoun nan, ranpli yon aplikasyon apa pou chak paran ki pa gen gad oswa moun yo di ki papa a.

Istwa Pansyon Alimantè pou Timoun nan

Èske kounye a w ap resevwa Sèvis Pansyon Alimantè pou Timoun nan? Wi Non

Si wi, ki kote? Konte Eta a Dosye #

Èske ou te resevwa Sèvis Pansyon Alimantè pou Timoun oparavan? Wi Non

Si wi, ki kote? Konte Eta a Dosye #

Istwa Asistans Piblik

Èske ou se yon aplikan kounye a, oswa w ap resevwa avantaj asistans piblik? Wi Non

Si wi, ki kote? Konte Eta a Dosye #

Si wi, KANPE LA. Li obligatwa pou w gen yon Referans LDSS-5145 pou Sèvis Pansyon Alimantè pou Timoun.

Èske ou te resevwa avantaj asistans piblik nan kad pwogram Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen (TANF) oparavan? Wi Non

Si wi, ki kote? Konte Eta a Dosye #

Dat ou te resevwa dènye montan asistans lan (Mwa/Jou/Ane)

Non Legal

Prenon Dezyèm Prenon Siyati Sifiks Alyas oswa lòt Non yo Konn Rele w (egzanp, Non Jenn Fi)

SSN/ITIN

Sèks

Fanm Gason Pa Konfòm a yon Sèks/Lòt

Dat Nesans (Mwa/Jou/Ane)

Ras-Afilyasyon Etnik (Opsyonèl)

Azyatik Nwa oswa Afwo-Ameriken Ispanik oswa latina Blan, ki pa Panyòl
 Amerendyen oswa Aborijèn Alaska Aborijèn Awayi oswa Moun Zile Pasifik yo Lòt Bagay

Adrès Rezidansyèl

Nan swen:

Ri

Etaj/Apatman Vil Eta a Kòd Postal

Adrès Postal (si l diferan de adrès rezidansyèl la)

Nan swen:

Ri

Etaj/Apatman Vil Eta a Kòd Postal

Enfòmasyon kontak

Telefòn Kay # Telefòn Selilè Lòt # Telefòn Imèl

Preferans Kay Selilè Lòt Bagay **Pi bon lè pou yo rele w** Maten Aprèmidi

Dezyèm Kontak

Prenon Dezyèm Prenon Siyati Sifiks Sa Moun nan ye

Ri Vil Eta a Kòd Postal # Telefòn

Eta Sivil vizavi Lòt Pati an

Èske ou pa te janm marye ak Lòt Pati a? Wi Non Dat Maryaj

Kote Maryaj la Te Fèt Vil Eta a Peyi

Separe Dat Separasyon Legal Non Tribinal la Eta a

Divòse Dat Divòs Non Tribinal la Eta a

Divòs Annatant Non Tribinal la Eta a

Eta Sivil ak yon lòt Moun ki pa Lòt Pati a

Èske aplikan an pa te janm marye ak yon lòt moun ki pa Lòt Pati ki konsènan timoun ki nonmen nan aplikasyon sa a? Wi Non

Soti nan Pou Non Konjwen

Soti nan Pou Non Konjwen

Enfòmasyon sou Kouvèti Asirans Swen Sante

Èske patwon/òganizasyon kote aplikan an travay la ofri oswa bay avantaj asirans sante? Wi Non Pa konnen

Èske aplikan an enskri? Wi (presize): Kouvèti Asirans Endividyèl Kouvèti Asirans Fanmi

Non

Pa konnen

Kontinye nan Paj A-3

Enfòmasyon sou Lòt Pati a

Lòt Pati a se (tcheke youn): Paran Ki Pa Gen Gad Moun yo Di ki Papa a Paran ki gen Gad la Responsab la
Non Legal

Prenon Dezyèm Prenon Siyati Sifiks Alyas oswa lòt Non yo Konn Rele w (*egzanp, Non Jenn Fi*)

SSN/ITIN

Sèks

Fanm Gason Pa Konfòm a yon Sèks/Lòt

Dat Nesans (Mwa/Jou/Ane)

Ras-Afilyasyon Etnik (Opsyonèl)

Azyatik Nwa oswa Afwo-Ameriken Ispanik oswa Latino/a Blan, ki pa Panyòl
 Amerendyen oswa Aborijèn Alaska Aborijèn Awayi oswa Moun Zile Pasifik yo Lòt Bagay

Lang Prensipal Moun Sa Anglè Panyòl Lòt (presize)

Deskripsyon

Wotè pye pous Pwa Liv Koulè zye yo Koulè Cheve

Mak Sikatris Tatou Dekri

Foto Wi (*Atache Foto*) Non

Enfòmasyon Rezo Sosyal

Facebook Twitter Instagram

Enfòmasyon Paran Lòt Pati a

Non Adrès # Telefòn Sa Moun nan ye

Non Adrès # Telefòn Sa Moun nan ye

Kote yo Fèt Vil Eta a Peyi

Dat Dènye Kontak

Mwa/Jou/Ane

Relasyon Lòt Pati a ak Aplikasyon

Mari Ansyen Konjwen Paran
 Patnè Ansyen patnè Lòt Bagay

Adrès Rezidansyèl Aktyèl Dènye Enfòmasyon w Konnen
 Nan swen:

Ri

Etaj/Apatman Vil Eta a Kòd Postal

Adrès Postal (si l diferan de adrès rezidansyèl la)
 Nan swen:

Ri

Etaj/Apatman Vil Eta a Kòd Postal

Enfòmasyon kontak

Telefòn Kay # Telefòn Selilè Lòt # Telefòn Imèl

Preferans Kay Selilè Lòt Bagay **Pi bon lè pou yo rele w** Maten Aprèmidi

Anplwa

Èske Lòt Pati a ap travay kounye a? Wi Non Pa konnen Dat li te dènye travay

Èske Lòt Pati a ap travay ak tèt li? Wi Non Pa konnen

Patwon/Non Biznis:

Aktyèl Dènye Enfòmasyon w Konnen

Adrès Patwon/biznis:

Ri Vil Eta a Kòd Postal # Telefòn

Pòs Travay/Okipasyon: Salè Anyèl \$

Avantaj yo resevwa chak semèn

Èske Lòt Pati a ap resevwa Avantaj Asirans Chomaj Eta New York (Unemployment Insurance Benefits, UIB)? Wi Non Pa konnen \$

Èske Lòt Pati a se yon manm nan yon sendika/òganizasyon? Wi Non Pa konnen Non

Eta Civil ak yon lòt Moun ki pa Aplikan anÈske Lòt Pati a marye ak yon moun ki pa Aplikan an? Wi NonNon Konjwen Adrès Imèl # Telefòn **Estat Anprizònman**Èske Lòt Pati a nan prizon? Wi Non Pa konnenNon Etablisman # Prizonye Adrès Etablisman Vil Eta a Kòd Postal Peyi **Enfòmasyon sou Kouvèti Asirans Swen Sante**Èske patwon/òganizasyon Lòt Pati a ofri oswa bay avantaj asirans sante? Wi Non Pa konnenÈske Lòt Pati a enskri? Wi (presize): Kouvèti Asirans Endividyèl Kouvèti Asirans Fanmi Non Pa konnen**Enfòmasyon sou Machin**Mak Modèl Ane Koulè mwen Pwopriyete Lwe Business veyikil Plak Machin Eta a **Enfòmasyon Adisyonèl (egzanp, byen, lòt kontak)****Aplikasyon/Afimasyon pou Sèvis Pansyon Alimantè pou Timoun**

Lè mwen siyen anba a, mwen konprann epi mwen dakò:

M ap aplike pou Pansyon Alimantè pou Timoun dapre Seksyon 111-g Lwa sou Sèvis Sosyal New York ak dapre Tit IV-D nan Lwa federal sou Sekirite Sosyal la. Avèk dokiman sa mwen abòne epi afime sou pèn ak temwayaj ke mwen te egzamine enfòmasyon mwen bay nan aplikasyon sa a ak nenpòt dokiman ki mache avèk li yo e dapre tout sa mwen konnen e kwè yo vre epi yo kòrèk. Mwen pral kolabore ak Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun nan efò li ap fè pou ofri sèvis yo, epi mwen dakò pou m di biwo lokal Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun mwen an imedyatman si gen nenpòt enfòmasyon ki gen rapò ak enfòmasyon mwen bay la ki nouvo oswa ki chanje.

Mwen p ap aksepte peman pansyon alimantè pou timoun tribinal la te òdone ki sòti dirèkteman nan men paran ki pa gen gad timoun lan oswa, si m resevwa nenpòt ki peman, mwen pral voye yo imedyatman bay Sant Tretman Pansyon Alimantè pou Timoun Eta New York la nan adrès: New York State Child Support Processing Center, P.O. Box 15363 Albany, NY 12212-5363.

Mwen te resevwa **Enfòmasyon Enpòtan sou Sèvis Pansyon Alimantè pou Timoun nan** ki gen ladan enfòmasyon sou rekouvreman peman yo te bay anplis yo. Mwen konprann ke byenke li ra, sa ka rive yo bay yon peman anplis akòz gen yon peman yo mal voye (nou pa voye lajan an bay moun nou dwe voye l la) oswa poutèt yon peman san pwovizyon (bank moun ki peye a retounen peman an san l pa peye), pami lòt rezon ankò. Mwen konprann tou se responsablite mwen pou mwen voye peman sa tounen oswa remèt lajan sa yo epi n ap kontakte mwen pou n mande ranbousman. Mwen ka ranbouse montan peman yo te bay anplis la nan yon sèl peman yon sèl kou, oswa mwen ka mande pou ou kenbe vennsenk pousan (25%) nan koleksyon yo jiskaske m fin ranbouse tout peman anplis la. Li pa obligatwa pou w bay konsantman pou yo kenbe 25% nan koleksyon alavni yo.

Mwen otorize Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun lan pou yo voye korespondans elektwonik, ki gen ladan lè li disponib, pa imèl, mesaj tèks oswa lòt metòd. Pou asire konfidansyalite, mwen konprann ke se responsablite mwen pou bay yon imèl, valab, ak aktif adrès imèl ak nimewo telefòn selilè ki an sekirite.

Tcheke bwat sa a si ou vle pou mande sèvis jiridik yo. Y ap ba ou yon Dwa pou Akò Rekouvreman pou Sèvis Jiridik (LDSS-4920) lè w fini pou w ranpli.

Aplikasyon an Siyen la Dat Aplikasyon an Ekri Non Ou An Lèt Detache **Seksyon sa a se pou Ajans lan Itilize Sèlman (For Agency Use Only)**Date Application Received NY Case Identifier Worker Code Reminder: review **Safety Concerns** on page A-1 and evaluate need for FVI.

Pati B – Enfòmasyon sou Timoun lan*(pou chak timoun li genyen ak Lòt Pati a)***Non Timoun # 01**

Prenon Dezyèm Prenon Siyati Sifiks

SSN/ITIN**Sèks****Dat Nesans (Mwa/Jou/Ane)****Dat yo Prewwa Akouchman an**

Fanm Gason Pa Konfòm a yon Sèks/Lòt Poko Fèt

Non Paran

Paran 1 Prenon Dezyèm Prenon Siyati

Paran 2 Prenon Dezyèm Prenon Siyati

Kote Timoun lan Fèt

Lopital Vil Eta a Peyi

Relasyon Lòt Pati an ak Timoun lan

Paran Bòpè/Bèlmè Moun yo Di ki Papa a

Eta Sivil Paran yo

Èske paran yo ki nan lis pi wo a te marye nan moman oswa apre lè nesans timoun nan?

Wi, youn ak lòt Wi, men ak lòt moun Non Pa konnen

Si **Wi, youn ak lòt**, ale nan kesyon **Enfòmasyon sou Òdonans Pou Pansyon Alimantè** yo. **Sinon**, ale nan kesyon **Etablisman Patènite** yo.

Etablisman Patènite

Èske yo te tabli patènite a?

Wi - Konplete kesyon **Etablisman Patènite** yo.

Non - Ale nan kesyon **Eta Jiridiksyon** yo.

Ou **pa** bezwen konplete kesyon **Eta Jiridiksyon** yo.

Pa konnen - Ale nan kesyon **Eta Jiridiksyon** yo.

Kijan yo te tabli patènite a?

Etabli nan Tribinal nan dat Non Tribinal la

Rekonesans Patènite nan dat

Nan ki konte, eta, ak peyi yo te tabli patènite a ?

Konte Eta a Peyi

Ki kote yo te konsewva timoun lan? Eta a Peyi

Eta Jiridiksyon

Èske moun yo di ki papa (AF) a te peye pou depans prenatal yo oswa te bay sipò pou timoun lan? Wi Non Pa konnen

Èske AF la abite nan menm kay ak timoun nan Eta New York? Wi Non Pa konnen

Èske timoun nan abite nan Eta New York kòm rezilta aksyon oswa enstriksyon AF la? Wi Non Pa konnen

Enfòmasyon sou Òdonans Pou Pansyon Alimantè

Èske gen yon òdonans pou pansyon alimantè pou timoun sa a? Wi Non Pa konnen Si "Wi", ki dat òdonans lan?

Èske yo bay òdonans pou asirans sante? Wi Non Pa konnen

Montan Obligasyon

\$ Chak Semèn Chak de (2) semèn Chak Mwa De (2) fwa pa mwa Lòt Bagay

Tribinal ki Bay Òdonans lan

Fanmi Siprèm Lòt Bagay

Konte Eta a Peyi

Enfòmasyon sou Kouvèti Asirans Swen Sante

Èske timoun nan gen kouvèti asirans swen sante? Wi Non Pa konnen

Si "Wi", idantifye kalite kouvèti asirans lan: Prive – Ale nan kesyon **Avantaj Asirans Sante** yo.

Piblik – Ale nan kesyon **Kouvèti Asirans Swen Sante Piblik** yo.

Avantaj Asirans Sante

Ki moun ki bay kouvèti asirans sante prive timoun lan?

Paran ki gen Gad la Responsab la Paran Ki Pa Gen Gad/ Moun yo Di Ki Papa a Bòpè/Bèlmè Pa konnen Lòt Bagay

Non Konpayi Asirans Sante a # Politik # Group

Ri Eta/Apatman/Swit Vil Eta a Kòd Postal

Kouvèti Asirans Swen Sante Piblik

Endike kalite kouvèti asirans swen sante piblik la:

Medicaid Child Health Plus (CHPlus) Kontribisyon mansyèl CHPlus: \$

Lòt Bagay

Pati B – Enfòmasyon sou Timoun lan (kontinye)**Non Timoun # 02**

Prenon Dezyèm Prenon Siyati Sifiks

SSN/ITIN **Sèks** Fanm Gason Pa Konfòm a yon Sèks/Lòt **Dat Nesans (Mwa/Jou/Ane)** Poko Fèt **Dat yo Prewa Akouchman an**

Non Paran

Paran 1 Prenon Dezyèm Prenon Siyati

Paran 2 Prenon Dezyèm Prenon Siyati

Kote Timoun lan Fèt

Lopital Vil Eta a Peyi

Relasyon Lòt Pati an ak Timoun lan

Paran Bòpè/Bèlmè Moun yo Di ki Papa a

Eta Sivil Paran yo

Èske paran yo ki nan lis pi wo a te marye nan moman oswa apre lè nesans timoun nan?

Wi, youn ak lòt Wi, men ak lòt moun Non Pa konnen

Si **Wi, youn ak lòt**, ale nan kesyon **Enfòmasyon sou Òdonans Pou Pansyon Alimantè** yo. **Sinon**, ale nan kesyon **Etablisman Patènite** yo.

Etablisman Patènite

Èske yo te tabli patènite a?

Wi - Konplete kesyon **Etablisman Patènite** yo.

Non - Ale nan kesyon **Eta Jiridiksyon** yo.

Ou **pa** bezwen konplete kesyon **Eta Jiridiksyon** yo.

Pa konnen - Ale nan kesyon **Eta Jiridiksyon** yo.

Kijan yo te tabli patènite a?

Etabli nan Tribinal nan dat Non Tribinal la

Rekonesans Patènite nan dat

Nan ki konte, eta, ak peyi yo te tabli patènite a ?

Konte Eta a Peyi

Ki kote yo te konsewa timoun lan? Eta a Peyi

Eta Jiridiksyon

Èske moun yo di ki papa (AF) a te peye pou depans prenatal yo oswa te bay sipò pou timoun lan? Wi Non Pa konnen

Èske AF la abite nan menm kay ak timoun nan Eta New York? Wi Non Pa konnen

Èske timoun nan abite nan Eta New York kòm rezilta aksyon oswa enstriksyon AF la? Wi Non Pa konnen

Enfòmasyon sou Òdonans Pou Pansyon Alimantè

Èske gen yon òdonans pou pansyon alimantè pou timoun sa a? Wi Non Pa konnen Si "Wi", ki dat òdonans lan?

Èske yo bay òdonans pou asirans sante? Wi Non Pa konnen

Montan Obligasyon

\$ Chak Semèn Chak de (2) semèn Chak Mwa De (2) fwa pa mwa Lòt Bagay

Tribinal ki Bay Òdonans lan

Fanmi Siprèm Lòt Bagay

Konte Eta a Peyi

Enfòmasyon sou Kouvèti Asirans Swen Sante

Èske timoun nan gen kouvèti asirans swen sante? Wi Non Pa konnen

Si "Wi", idantifye kalite kouvèti asirans lan: Prive – Ale nan kesyon **Avantaj Asirans Sante** yo.

Piblik – Ale nan kesyon **Kouvèti Asirans Swen Sante Piblik** yo.

Avantaj Asirans Sante

Ki moun ki bay kouvèti asirans sante prive timoun lan?

Paran ki gen Gad la Responsab la Paran Ki Pa Gen Gad/ Moun yo Di Ki Papa a Bòpè/Bèlmè Pa konnen Lòt Bagay

Non Konpayi Asirans Sante a # Politik # Group

Ri Eta/Apatman/Swit Vil Eta a Kòd Postal

Kouvèti Asirans Swen Sante Piblik

Endike kalite kouvèti asirans swen sante piblik la:

Medicaid Child Health Plus (CHPlus) Kontribisyon masyèl CHPlus: \$

Lòt Bagay

Pati C - Dokimantasyon Sipò

Tanpri bay biwo lokal Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun ou an **kopi** tout dokiman sipò ki disponib. Dokimantasyon ki bay sipò yo pèmèt Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun lan kontinye al nan pwochen etap dosye pansyon alimantè pou timoun ou an, ki gen ladan tabli patènite ak tabli, chanje, ak/oswa fè respekte òdonans pansyon alimantè pou timoun ou an, jan sa apwopriye. Dokiman ki bay sipò yo ede tribinal la detèmine tou revni chak paran ak obligasyon debaz pansyon alimantè pou timoun nan. **Tcheke** (✓) bwat ki endike ki dokiman w ap bay.

Tanpri pa voye dokiman orijinal pa lapòs.

Dokiman Jeneral yo

- Identifikasyon Aplikan an (egzanp, lisans chofè, paspò)
- Demann Pansyon Alimantè pou Timoun lan Òdonans Pansyon Alimantè (yo) Ak Maryaj Akò Separasyon Dekrè Divòs
- Òdonans Gad (yo) Òdonans Pwoteksyon/Òdonans Restriksyon Kat Avantaj Asirans Sante yo
- Rezime Deskripsyon Plan Avantaj Asirans Sante Lòt Bagay

Dokiman Paran ki Gen Gad la

- Souch Pèman Resan Deklarasyon Taks Federal sou Revni (Federal Tax Returns) ki pi resan ou te ranpli a ak tout Anèks yo W-2
- Kat Sekirite Sosyal / Lèt IRS pou ITIN Sekirite Sosyal / Lèt Prim Revni Sekirite Siplemanntè (yo)
- Lòt Bagay

Dokiman Timoun yo (pou chak timoun)

- Batistè Òdonans ki tabli patènite (Òdonans Lyen Papa-Pitit) sou Rekonesans Patènite
- Deklarasyon sou Sèman Ki Di Se Moun Kat Sekirite Sosyal Prèy Depans pou Swen Timoun Prèy Depans pou Edikasyon lan ki Papa
- Prèy Depans pou Swen Sante yo pa ranbouse yo Sekirite Sosyal / Lèt Prim Revni Sekirite Siplemanntè (yo)
- Akò Sibvansyon Adopsyon (peman ant paran adoptif ak LDSS) oswa Akò Plasman (Timoun yo plase pou rezon adopsyon)
- Lòt Bagay

Dokiman Paran Ki Pa Gen Gad/Moun yo Di ki Papa

- Kat Sekirite Sosyal / Lèt IRS pou ITIN Souch Pèman Resan Deklarasyon Taks Federal sou Revni (Federal Tax Returns) ki pi resan ou te ranpli a ak tout Anèks yo
- W-2 Avi sou Avantaj Asirans pou Chomaj Sekirite Sosyal / Lèt Prim Revni Sekirite Siplemanntè (yo)
- Sèvis Militè (DD-214) Enfòmasyon sou Anprizònman, pwobasyon oswa Libète sou kondisyon
- Avi sou Avantaj Pwogram Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen yo (Temporary Assistance for Needy Families, TANF) Prèy Rezidans MA, SNAP ak/oswa Refij
- Enfòmasyon sou lisans pwofesyonèl, biznis, okipasyonèl, lwazi oswa chofè
- Lòt Bagay